

**PANGARUH MODEL PEMBELAJARAN SAINTIFIK
DI KELAS IVA SDN 042 GAMBIR KOTA BANDUNG
KANA KAPARIGELAN MIKIR JEUNG HASIL DIAJAR MURID**

Ku
Salsabila Azzahra
175060123

ABSTRAK

Panalungtikan ieu dikasangukungan ku kurangna kaparigelan mikir jeung hasil diajar murid di SDN 042 Gambir Kota Bandung balukar tina pandemik Covid-19 anu ngawajibkeun murid pikeun ngalaksanakeun pancen diajar di imah tanpa bimbingan langsung ti guruna. Ku kituna, ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun mikanyaho gedéna pangaruh modél pembelajaran saintifik kana kaparigelan mikir jeung hasil diajar murid kelas IV sabada ngalaksanakeun pangajaran PTMT di SDN 042 Gambir Kota Bandung.

Dina ngalaksanakeunana, ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif deskriptif anu ngece'skeun hasil panalungtikan sakumaha ayana. Dina ieu panalungtikan, panalungtik nyokot hiji kelas ti 3 kelompok di SDN 042 Gambir Kota Bandung, nya éta kelas IVA anu jumlahna 24 murid. Carana ngumpulkeun data anu digunakeun nya éta ku cara nyokot rata-rata peunteun ujian ahir pangajaran jeung hasil tina lembar observasi sabada rengse' pangajaran.

Dumasar kana hasil panalungtikan, kapanggih yén modél pembelajaran saintifik miboga pangaruh kana ngaronjatkeun kaparigelan mikir jeung hasil diajar murid. Modél pembelajaran saintifik nyatana, upama dilaksanakeun sacara langsung, bisa ngaronjatkeun kaparigelan mikir murid jeung ngaronjatkeun hasil diajar murid.

Konci Kecap: saintifik, kaparigelan mikir, hasil diajar.